



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU AKÒ POU LIBERE OTAJ NAN GAZA

"Yè, mwen te konvoke yon reyinyon avèk delegasyon Kongrè bipatit New York la ak fanmi moun ki gen pwòch yo ke Hamas te pran an otaj. Fanmi sa yo te pataje istwa yo ak lapenn yo avèk nou, epi nou te angaje nou pou fè tout sa ki posib pou mennen pwòch yo lakay san danje.

Nou akeyi nouvèl ke yo te jwenn yon akò pou libere moun Hamas te kenbe an otaj yo, enkli otaj Ameriken yo. Akò sa a pa t ap posib san efò ekstrawòdinè Prezidan Biden ak administrasyon li a.

Pandan sa a se yon gwo etap, nou pa ka repoze jiskaske chak otaj yo libere san danje epi retounen lakay yo. Mwen te rankontre ak anpil fanmi ki gen kè brize depi 7 oktòb, nan New York ak nan vwayaj mwen an Izrayèl, epi mwen te kominike santiman ijans yo bay lidè nan Washington ak an Izrayèl yo. Pandan n ap tann plis enfòmasyon nan men Mezon Blanch, nou kontinye mande pwoteksyon ak liberasyon moun ki rete nan kaptivite Hamas".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418